ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КЪР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№129 (23.787) ● 2018 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 23, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къбэрдей-Балъкъарым и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбек, Къэрэшей-Шэрджэсым и Iэтащхьэ Темрезов Рашид, Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэ Къумпыл Мурат сымэ Мейкъуапэ щызэхуэсащ



Жэпуэгъуэм и 20-м Мейкъуапэ щызэхуэзащ Къбэрдей-Балъкъарым и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбек, Къэрэшей-Шэрджэсым и Iэтащхьэ Темрезов Рашид, Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэ Къумпыл Мурат сымэ.

ЗАКОНХЭР къыдэзыгъэкI, гъэзэщIакIуэ властым я лIыкIуэхэр зыхэта зэIуплIэм щытепсэлъыхьащ Кавказ Ищхъэрэм жылагъуэ зэгурыIуэныгъэмрэ зэпIэзэрытыныгъэмрэ щыгъэбыдэным, егъэджэныгъэм, щIэныгъэм, щIалэгъуалэ политикэм я Iэнатlэхэм щызэдэлажьэным, лжьакIуэхэм я IэщIагъэмрэ щIэныгъэмрэ хэгъэхъуэным ятеухуа программэхэр зэщIыгъуу гъэзэщIэным, щIалэгъуалэм я щIыналъэ лагерхэмрэ зэхьихьэщхъэхэмрэ къызэгъэпэщыным, щэнхабзэ, гуманитар зэпыщIэныгъэхэм зегъэубгъуным, абы хиубыдэу КъБР-р, КъШР-р, Адыгейр къызэрызэгъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъум теухуа Iэхъухэр гъэхьэзырыным.

Гулъытэ хэха хуащIащ «Росатом» къэрал корпорацэмрэ УФ-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэмрэ медицинэм и Iэнатlэм и лэжьэкIэр къэIэтыным хуэгъэзэуэ зэщIыгъуу ягъэхьэзырэ проектым щыналъэхэр зэрыкъэтым.

Зэкъуэш республикэхэм я унафэщIхэм жаIащ экономикэ, социальнэ, щэнхабзэ Iэнатlэхэм ди щыналъэхэр зэрызыщIэзалажьэм нэхъри зрагъэубгъуну зэрамурадыр.

КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапlэ.

Зэгъунэгъуу щIыналъэхэр зэман къэкIуэнум дауэ зэрызэдэлажьэнур

● КъБР - КъШР

Жэпуэгъуэм и 20-м Къэрэшей-Шэрджэсым щызэхуэзащ КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбекрэ КъШР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рашидрэ.

АХЭР тепсэлъыхьащ зэгъунэгъу щIыналъэхэр зэман къэкIуэнум зэрызэдэлажьэнум, Налшык къалэм нэхъ апэкIэ Iэ зыщытрадзауэ щыта зэгурыIуэныгъэм тету, 2019 гъэм ди республикэхэм я илъэсыр щIыналъитIми щегъэкIуэкIыным.

КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщхьэхуэкIащ дызыхуэкIуэ гъэм зэкъуэш республикэхэм яку дэлъ щэнхабзэ, социальнэ, экономикэ зэпыщIэныгъэхэр нэхъри нэхъ быдэ зэрыхъунум шэч кIыхьэрытримыхьэр.

КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапlэ.

● Банк Iуэхухэр

КъБР-м щыпашэщ

Къэбэрдей-Балъкъарым и Iуэхущ Iапlэ зэмылIэужьыгъуэхэм щылажьэ цIыху мини 110-м щигъум я улахуэр къыIах Хъуманlэ банкым и банк картэхэмкIэ.

ЛАЖЬЭХЭМ я процент 92-м щигъум Хъуманlэ банкым и улахуэ картэхэр нобэ яIэщ. Нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм ебгъапщэмэ, абыхэм я бжыгъэм проценти 5-кIэ хэхьауэ.

Улахуэ проектым ипкъ иткIэ Урысейм и Хъуманlэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм епхащ Iуэхущlапlэ 1000-м щигъу. Абыхэм яхэтщ кампание ин дыдэхэу «Ростелеком» ПАО-р, «МРСК Северного Кавказа» ПАО-м и къудамэр, «Къэбалъкъэнерго» АО-р, къищынэмыщIауэ зэушэнагъэр хъумэныкIэ, егъэджэныгъэмкIэ, щэнхабзэмкIэ бюджет Iэнатlэхэр.

«Мы илъэсым щегъэжьауэ ХъуманlэI банкым и улахуэ картэхэр етташ республикэм и цIыху 3000-м щигъум. Картэхэр зиIэхэм Iэмал ягъуэт банкым къэмыкIуэу, дэнэ щыIэми, Iуэхутхъэбзэ зыбжанэ яхуэтщIэну. Мы хьэнэшхуэ зратхэм ящыщ зыри хэмыкIыу ахъшэр зэрызэрагъэкIуэфымрэ льготэхэр къариту банкым щыIуэ къызэрыIахьфымрэ», - дыщигъэгъуэзащ Урысеймрэ Хъуманlэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Урысбий Хьэмидбий.

ХЬЭТАУ Ислъам.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Егоровэ Т. Б. иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм и Президиумым и чэзу зэIущIэр. Республикэ, федеральнэ закон щхьэхуэхэм я проектхэм къадэкIуэу, абы БюджетымкIэ, налогхэмкIэ, финансхэмкIэ комитетым и жэрдэмкIэ комитетым хухах зэманым хиубыдэу абы щыхэплъащ КъБР-м и бюджет зэгуэтым налог ахъшэр къыхузэщIэгъэуIуэным хуэгъэзэуэ Урысей Федерацэм НалогхэмкIэ и федеральнэ къупльыкъуащIапIэм и Управленэу республикэм щыIэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэм.

● КъБР-м и Парламентым

УПРАВЛЕНЭМ и унафэщым и къуэдзэ **Лытнёвэ Н. Ю**. ищIа докладым кIыщигъэлъэгъуащ макроэкономикэ бжыгъэхэм елытауэ налог хэхъуэхэр нэхъ псынщIэу нэхъыбэ зэрыхъур. 2018 гъэм и япэ мазибгъум КъБР-м и щыналъэм къыIахьаха налогыу, кьинэмыщI ахъшэу Урысей Федерацэм и бюджет Iэнатlэм Iэрыхьащ сом меларди 9-рэ мелуан 900-рэ. 2017 гъэм и апхуэдэ зэманым елытауэ ар сом зы меларди 9-рэ мелуани 127,7-кIэ нэхъыбэщ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, проценти 112,9-рэ мэхъу. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджет зэгуэтым мазибгъум къриубыдэу сом меларди 7-рэ мелуан 252-рэ къыIэрыхьащ икIи а бжыгъэр 2017 гъэм и апхуэдэ зэманым елъытауэ сом мелуани 144,3-кIэ нэхъыбэщ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым а зэман дыдэм къыIэрыхьащ сом меларди 5,5-рэ мелуан 261-рэ. 2017 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ ар сом мелуан 53,5-кIэ нэхъыбэщ. Налогыу зыщыгугъам елъытауэ процентхэр 104,5-рэ къыхахаш. Апхуэдэу щIыIПI бюджетхэм мазибгъум къриубыдэу сом зы меларди 991,1-рэ халъхьащ, 2017 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ ахъшэу къыхахыр сом мелуан 90,9-кIэ нэхъыбэ ящIащ, налогхэм къызэрыщIигъу псынщIагъыр процентэ 104,8-рэ мэхъу.

Апхуэдэ бжыгъэхэр щыIэ пэтми, гугъуехьхэри мащIэкъым. Доклад зыщIам къызэригъэлъэгъуакIэ, КъБР-м и бюджет зэгуэтым налог хэхъуэхэр къызэрызэхущIагъэуIуэ щыкIэм ухэплъэжмэ, налог хэхъуэхэмкIэ зыщыгугъхэм ящыщу сом зы меларди 9 мелуан 24-рэ хущыщIэнкIэ зэрыхъунур уолъагъу. Ар фадэм тралъхь акцизхэмрэ организацэхэм я мылъкум, я хэхъуэхэм теухуа налогхэмрэщ.

Апхуэдэ Iуэхур къамыгъэхъун папщIэ УФ-м НалогхэмкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм Iуэху пыухыкIахэр зэфIагъэкI. Организацэхэр, хьэрычэтыщIэхэр, цIыху щхьэхуэхэр къызэрапцIыгъэм иткъ иткIэ отчёт къызэрыщIигъу псынщIагъыр процентэ 104,8-рэ мэхъу.

Апхуэдэ бжыгъэхэр щыIэ пэтми, гугъуехьхэри мащIэкъым. Доклад зыщIам къызэригъэлъэгъуакIэ, КъБР-м и бюджет зэгуэтым налог хэхъуэхэр къызэрызэхущIагъэуIуэ щыкIэм ухэплъэжмэ, налог хэхъуэхэмкIэ зыщыгугъхэм ящыщу сом зы меларди 9 мелуан 24-рэ хущыщIэнкIэ зэрыхъунур уолъагъу. Ар фадэм тралъхь акцизхэмрэ организацэхэм я мылъкум, я хэхъуэхэм теухуа налогхэмрэщ.

Апхуэдэ Iуэхур къамыгъэхъун папщIэ УФ-м НалогхэмкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм Iуэху пыухыкIахэр зэфIагъэкI. Организацэхэр, хьэрычэтыщIэхэр, цIыху щхьэхуэхэр къызэрапцIыгъэм иткъ иткIэ отчёт къызэрыщIигъу псынщIагъыр процентэ 104,8-рэ мэхъу.

Мылъкум теухуэ налогхэмкIэ къыхэнауэ иджыпсту щIыхуэу сом мелуан 825,3-рэ щыIэщ. Ауэ федеральнэ законодательствэм икъ иткIэ мылъкум теухуэ налогхэмкIэ щIыхуэхэм ящыщу сом мелуан 387,7-рэ къахэхэмыхьыжну къалъытащ.

Докладым лэжьыгъэм и лъэныкъуэ псори IупщIу къыщыгъэлъэгъуауэ щытами, депутатхэр куэдым щIэупщIащ. А упщIэхэр теухуауэ щытащ турист Iэнатlэм къыбгъэдэкIыу КъБР-м и бюджет зэгуэтым къыIэрыхьэ нэхъыбэ щIыкIэм, нэхъ къызэрыгуэкIыу налогхэр зытралъхьэ хьэрычэтыщIэхэм ахъшэр къызэрытым, щIым щIэпъ хъугъуэфIыгъуэхэр къызэрагъэсэгъэпым папщIэ тралъхьэ налогым, нэгъуэщIхэми.

ЗэпыщIэм щыжиIахэм ялкъ иткIэ КъБР-м и Парламентым и Президиумым унафэ пыухыкIа къищтащ. Абы ипкъ иткIэ УФ-м НалогхэмкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм чэнджэщ ираташ КъБР-м и бюджет зэгуэтым и хэхъуэхэр нэхъыбэ щIыным, налогхэр нэхъ тэмэму къыхэхыным теухуауэ. Апхуэдэу унафэм къыщагъэлъэгъуащ налогхэр тыным хьэрэмыгъэ хэзылъхьэхэр, ямытха мылъку зыбгъэдэлъхэр къыщIагъэщыным хуэгъэзэуэ КъБР-м и къэрал власти и органхэмрэ щыIпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ зэрадэлажьэр иратхэфIэкIуэну.

Президиумым и зэлущIэм кърихьэлIащ УФ-м НалогхэмкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Гуэбощ Iыкl Ю., КъБР-м финансхэмкIэ и министрым и къуэдзэ Чечнов В. М. сымэ.

Зэлущ Iэм нэгъуэщI Iуэхухэми щытепсэлъыхьащ. Къапщтэмэ, депутатхэр хэплъащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрызэхащ теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 22-нэ, 62-нэ статьяхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуклэ» КъБР-м и законым и проектым.

- Федеральнэ законодательствэм тету законопроектым къыщагъэлъэгъуащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрызахьэм теухуауэ» КъБР-м и Законым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр щыхахкIэ кIэлъплъакIуэхэр игъэкIуэну КъБР-м и Жылагъуэ палатэр хуит зыщI зэхъуэкIыныгъэр. Ар хуэунэтIащ хэхыныгъэ Iуэхур нэхъри нэхъ зэIуахуэ къызэрэзэпэщыным, - законопроектыр утыку къыщрилъхьэм жиIащ КъБР-м и Парламентым ЗаконодательствэмкIэ, къэрал хуэхэкIэмкIэ, щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Джэш Хьэсэн**.

Документыр хуагъэхащ абы хэплъэну зыхуэфащэ Iэнатlэ псоми икIи ахуэ елэжьыжа нэужь законопроектыр КъБР-м и Парламентым къыщыкIалъхьэнущ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ Iапlэ.

● Гъэугугъэлъагъуэ

Сыт и лъэныкъуэкIи

Къэбэрдей-Балъкъарым щIыпIэ телъыджэхэмкIэ, зыгъэпсэхупIэхэмкIэ иIэ зэфIэкIыр щагъэлъэгъуащ Санкт-Петербург иджыблагъэ щекIуэкIа Къэрал зэхуакъ турист выставкэм. Абы я къару щеплъыжащ Урысеймрэ щыналъэ 24-м, хамэ къэралхэм ящыщхэу 13-м, компание, зэгухьэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэу 200-м щIигъум я Iуэхущ Iапlэхэр.

МЫПХУЭДЭ зэхьихьэм нэхъ Iэнатlэр сыт и лъэныкъуэкIи зэманым кьезэгъуу зэрызэтеухуам: цIыхуэм загъэпсэхун, я нэгу зрагъэужьын, щIыпIэ телъыджэхэм яшэн папщIэ щыIэ Iэмалхэм.

Ар «Экофорум» конгрессыставкэ центрым гъэIэгъуэкIэ къыщызэIуахащ Санкт-Петербург и губернаторым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Беглов Александр ахэту. Къырагъэблагъа хьэщIэхэм ящыщт Алыджым и консул нэхъыщхьэ Беглитис Панайотис, ФедерацэмкIэ Советым Социальнэ политикэмкIэ и комитетым и деж туризмэмкIэ щыIэ эксперт советым и унафэщI Фомин Игорь, УФ-м ТуризмэмкIэ и федеральнэ агентствэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Кочеев Сергей сымэ.

Къэбэрдей-Балъкъарым и гъэлъэгъуапIэм выставкэм щIэупщIэшхуэ щIащ. Мыбы къыщащIэрт республикэм и санаторэхэмрэ курортхэмрэ я щытыкIэр, ди щыналъэм и щыпIэ телъыджэхэм теухуа хъыбархэр. Къызэхуэсахэр Iуэхуэхэр зыIутым щагъуазэ ящIырт «Налшык» курорт» АО-м, «Маяк», «Кхъужьей хадэ», «Хы тхьэрыкъуэ» санаторэхэм, нэгъуэщIхэм я унафэщIхэмрэ Iэщ IагъэлъэIэмрэ.

Абыхэм зэфIагъэкIа лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ иIэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр куэдым яцIыху икIи фIыуэ ялъагъу, абы къыхэкIыу турист Iэнатlэм егъэщIылIауэ къыкъуэкIа Iэмалыщ Iэхэр зрагъэщIэну куэд хуейщ.

Лъэныкъуэхэм зэдэлажьэным теухуа зэпсэлъэныгъэхэр ирагъэкIуэкIащ.

Мы Iуэхур щыщщ «Си хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэ. НэгъуэщI къэралхэм зыкъыщIдогъэлъэгъуэ» программэу КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэр и щIэгъэкъуэну ягъэзащIэм.

КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ Iапlэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

Жэпуэгъуэм и 23, *гъубж*

♦Щомыщ хужьым и дунейпсо махуэщ

♦Венгриеи щагъэлъапIэ Республикэм и махуэр

♦1914 гъэм Япэ дунейпсо зауэм инджылызхэм къыщагъэсэбэпат зи калибрыр мм 457-рэ хъу топ. Абы тонни 127-рэ и хьэлъагъэт.

♦1914 гъэм Москва Щукиным и цIэр зезыхьэ театральнэ училищэр къыщыдзэIуахащ.

♦1946 гъэм ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и япэ зэхуэсыр екIуэкIащ.

♦1995 гъэм Инджылызым щыщ дохутыр Уэстби Стивен цIыхугум и пIэкIэ токкIэ лажьэ гу ялъэу ирилъхьат.

♦2002 гъэм Москва и Дубровкэ щIыпIэм щыIэ театр центрым теракт щалэжьащ. Шэшэн щIэпхъаджащэ 50 ятеуэри, «Норд-Ост» мюзиклым еплъу театрым щIэс цIыху 700-м щигъур абы щIалыдыдащ. Урысейм и дзэхэр Шэшэным къращыжьну къэзыгъуэгурыIуэу, Iуэхум хабзэхъумэ Iэнатlэхэр хыхьэн хуей хъури унэм ебгъэрыкIуащ. Абы щыгъуэ цIыху мамыру 130-рэ хэкIуэдауэ щытащ.

♦Урысей император **Пётр ЕтIуанэр** къызэралъхурэ илъэс 303-рэ ирокъу.

♦Италием щыщ сабий тхакIуэ цIэрыIуэ **Родари Джанни** къызэралъхурэ илъэс 98-рэ ирокъу.

♦Совет композитор, уэрэдус, УФ-м и цIыхубэ артист **Саульский Юрий** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Бразилием щыщ футболист цIэрыIуэ, дунейм и чемпион щэнейрэ хъуа **Пеле** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэзых тIэкIу щыщIыкынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 16, жэщым градуси 9 - 13 щыхьэнущ.

Жэпуэгъуэм и 24, *бэрэжьей*

♦Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм и махуэщ.

♦1945 гъэм ООН-м и Уставым къару игъуэтащ. Зэгухьэныгъэр къэрал 51-м къыщрагъэпэщат. Ди зэманым ООН-м къэрал 192-рэ хэтщ.

♦Зыужьыныгъэм теухуа хъыбархэр зэбгрегъэхьыным и дунейпсо махуэщ

♦Полиомиелитым пэщIэтыным и дунейпсо махуэщ

♦Урысейм Iэщ кIэ ЗэщIэуэзда и къарухэм я гуп щхьэхуэм (спецназым) и махуэщ

♦1897 гъэм Урысейм и тхьдэм щыяпэу футболымкIэ зэхьэзэхуэ щекIуэкIащ.

♦Мэжэрым (Венгриеи) щыщ композитор, зи Iэдакъэщ Iэкъэр дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа **Кальман Имре** къызэралъхурэ илъэси 136-рэ ирокъу.

♦Къэбэрдей-Балъкъарым 1921-1938 гъэхэм и унафэщIу щыта, къэрал пэжьакIуэ, политик **Къалмыкъ БетIал** къызэралъхурэ илъэси 125-рэ ирокъу.

♦Адыгей усакIуэ **Хьэткъуэ Ахьмэд** къызэралъхурэ илъэси 117-рэ ирокъу.

♦Совет актёр, СССР-м и цIыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Райкин Аркадий** къызэралъхурэ илъэси 107-рэ ирокъу.

♦Урысей зэрыучытыщIэ, къэрал пэжьакIуэ, Чукотскэ АО-м, абы и думэм я унафэщIу щыта **Абрамович Роман** и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокъу.

♦Инджылызым щыщ футболист цIэрыIуэ, къэралым и командэ къыхэхам и гъащIэхуэ нэхъыфIэхэм хабжэ **Руни Уейн** и ныбжьыр илъэс 33-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэзых тIэкIу щыщIыкынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 16, жэщым градуси 9 - 13 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Зы дэкIэ уигу сыкъэкIи, а зыри кунэфу къыщIыкI.

Псы къабзэ щрагъахъуэ завод къыхэIуах

Къэбэрдей-Балъкъарым лажьэу щаутIыпщащ ирафын псыр щрагъахъуэ завод.

«ПСЭ ЗЫХЭТ ПСЫ» предприятэм щагъэуба Iэмэпсымэщ Iэм сыхьэт къэс псыльэ абдж минитхум псы къабзэр иригъэхъуэнущ.

А Iуэхум теухуа дауэдапщэм хэтащ КъБР-м и Премьер-министр Мусуков Алий.

КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапlэ.

Дамыгъэ лъапIэхэмрэ щIыхь тхылъхэмрэ

КIуэкIуэ Валерий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетыр зызыужь, ефIакIуэ, лъагапIэщIэкъэр зи плъапIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм ящыщу. Абы и щыхьэтщ университетым иджыблагъэ зыIэригъэхьа ехъуIэныгъэщIэхэр. КъБКъМУ-м и егъэджакIуэхэмрэ студентхэмрэ ягъэхьэзыра иужьрей щIэныгъэ-инновацэ лэжьыгъэм гулъытэ лъагэ щагъуэтащ мы махуэхэм Москва и ВДНХ-м щекIуэкIа «Бжьыхьэ дыщафэ» Урысейпсо мэкъумэш-промышленнэ гъэлъэгъуэныгъэм.

УНИВЕРСИТЕТым и пресс-Iэнатlэм и лэжьакIуэ КIурашын Заремэ хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, зи гугъу тщIы проектэр теухуауэ щытащ мэкъумэш хозяйствэм Iуэху зехьэкIощIэ мардэхэр хэгъэхьэным. Къэралпсо гъэлъэгъуныгъэм и утыку лежьыгъэщIэу блы ирахьати, абыхэм ящыщу щым дыщэ медалхэр, плIым - дыжьынхэр къыхуагъэфэщащ. КьинэмыщIауэ, проектхэр зи Iадакъэщ Iэкъэм ираташ щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр.

КъБКъМУ-м и ректор Апажэ Аслъэн зэрыжиIэмкIэ, проектхэр пхыгъэкIыным епха Iуэхуэр зы илъэсым нэхърэ адрейм нэхъ гугъуж мэхъу, сыту жыпIэмэ инновацэ мардэхэм зауэ, хьэйофIакIуэхэр. Абы щхьэкIэ къэмынэу, университетым и щIэныгъэлIхэм яхулъэкI мэкъумэш Iэнатlэр зыхуэзыкIуэ проект пэрытхэр зэхалъхьэн, апхуэдэ я лэжьыгъэфIэхэр къэралпсо утыкум ирахьэу екъулIэныгъэхэр зыIэрагъэхьэн.

ЗэфIэкIыщхуэ зиIэ еджапIэ нэхъыщхьэм дохуэхъуэ и иужьрей текIуэныгъэм папщIэ, лъагапIэщIэхэми нэсыну ди гуапэщ.

КЪАРДЭН Маритэ.

● ЕхъулIэныгъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и языныкъуэ унафэхэм къару ямыІэжу къэлъытэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

1. Къару ямыІэжу къэлъытэн:

«Социально-экономикэ зыужьыныгъэ и лъэныкъуэкІэ къалэнхэм зэрехьулІэмрэ Урысей Федерацым и Президентым и указ щхьэхуэхэр зэрагъэзащІэмрэ къэпщытэныжмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж щыІэ Советым ведомствэхэм зэдай и лэжьакІуэ гупхэм хэтхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм мазаем и 13-м кыдигъэкІа Унафэ №12-РГ-мкІэ къащтахэм, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 30-м кыдигъэкІа Унафэ №36-РГ-м;

«Социально-экономикэ зыужьыныгъэ и лъэныкъуэкІэ къалэнхэм зэрехьулІэмрэ Урысей Федерацым и Президентым и указ щхьэхуэхэр зэрагъэзащІэмрэ къэпщытэныжмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж щыІэ Советым ведомствэхэм зэдай и лэжьакІуэ гупхэм хэтхэр къэщтэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм мазаем и 13-м кыдигъэкІа Унафэ №12-РГ-м;

«Социально-экономикэ зыужьыныгъэ и лъэныкъуэкІэ къалэнхэм зэрехьулІэмрэ Урысей Федерацым и Президентым и указ щхьэхуэхэр зэрагъэзащІэмрэ къэпщытэныжмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж щыІэ Советым ведомствэхэм зэдай и лэжьакІуэ гупхэм хэтхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм мазаем и 13-м кыдигъэкІа Унафэ №12-РГ-мкІэ къащтахэм, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм мазаем и 7-м кыдигъэкІа Унафэ №136-РГ-м;

«Социально-экономикэ зыужьыныгъэ и лъэныкъуэкІэ къалэнхэм зэрехьулІэмрэ Урысей Федерацым и Президентым и указ щхьэхуэхэр зэрагъэзащІэмрэ къэпщытэныжмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж щыІэ Советым ведомствэхэм зэдай и лэжьакІуэ гупхэм хэтхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм мазаем и 13-м кыдигъэкІа Унафэ №12-РГ-мкІэ къащтахэм, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм накъыгъэм и 29-м кыдигъэкІа Унафэ №43-РГ-м;

«Социально-экономикэ зыужьыныгъэ и лъэныкъуэкІэ къалэнхэм зэрехьулІэмрэ Урысей Федерацым и Президентым и указ щхьэхуэхэр зэрагъэзащІэмрэ къэпщытэныжмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж щыІэ Советым ведомствэхэм зэдай и лэжьакІуэ гупхэм хэтхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм мазаем и 13-м кыдигъэкІа Унафэ №12-РГ-мкІэ къащтахэм, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2016 гъэм гъатхэпэм и 1-м кыдигъэкІа Унафэ №13-РГ-м;

«Социально-экономикэ зыужьыныгъэ и лъэныкъуэкІэ къалэнхэм зэрехьулІэмрэ Урысей Федерацым и Президентым и указ щхьэхуэхэр зэрагъэзащІэмрэ къэпщытэныжмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж щыІэ Советым ведомствэхэм зэдай и лэжьакІуэ гупхэм хэтхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм мазаем и 13-м кыдигъэкІа Унафэ №12-РГ-мкІэ къащтахэм, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2018 гъэм шыщхьэуІум и 31-м кыдигъэкІа Унафэ №995-РГ-м.

2. Мы Унафэм къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2018 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м
№112-РГ

Жэпуэгъуэм и 22-м и ныбжьыр илъэс 70 зэрырикъур игъэлъэпІащ Курп Ищхьэрэ къуажэм щІыхь зиІэ и цІыху Джатэгъэжь Владимир Исмэхьил и къуэм.

АР 1948 гъэм Прохладнэ районым хыхьэ Солдатскэ къуажэм кыщалъхуащ. Налшык къалэм дэт курыт еджапІэ №99-м, итІанэ №1-м щеджащ. Ебэнэ классыр къиуха нэужь, политическэ техникумым щІэтІысхьащ. Ильэситіі абы щеджаэ, Владимир и щІэныгъэм щыпищащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и инженер факультетым. Еджапіэ нэхъыщхьэр 1971 гъэм къиуха нэужь, Бахъсэн дэт «Лимб» заводым ильэситІкІэ инженеру щылэжьащ. КІэлъыкІуэу Джатэгъэжьыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и транспорт Іэхъущіапіэм ягъакІуэри, инженеру абы ильэсийкІэ, 1981 гъэм къыщыщІэдзауэ а Іэхъущіапіэм и «сельстрой»-м и унафэщІу щытащ, 1987 гъэм ар хъуащ механизацымрэ транспортымкІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр граждан-стройр» Іэхъущіапіэм и унафэщІ. 1991 гъэм къыщыщІэдзауэ 2010 гъэ пщІондэ Владимир Налшык къалэм и автобус паркым и нэхъыщхьэу щытащ. И щхьэгъусэ Ларисэ (Шэтчэрим) Курп Ищхьэрэ къуажэм щыщщ, дохутырщ. Абыхэм зэдапІащ зы щІалэрэ (Аслъэнбэч) хъыджэбзрэ (Жансурэт).

Владимир ГъэУгуанэ купщІафІэ къыззрикІуар, сыт хуэдэ Іэнатіэ пэрытми цІыхум сэбэн яхуэхъуу зэрылэжьар зыжьэу жаІэ абы къыдэгъуэгурыкІуахэм.

Налшык къалэм дэт Сабий-ныбжьыщІэ спорт школ №1-м и унафэщІым и къуэдзэ, Курп Ищхьэрэ къуажэм и администрацым и Іэтащхьэу щыта **Багъэтыр Тимур** жеІэ: «Джатэгъэжь Владимир щылажьэм щыгъуэ республикэм и Іуэхущіапіэ зэмылІэужьыгъуэхэр и нэІэм щІэтащ, Іуэхур фІыуэ илъагъуу, и гуащІэ емыблэжу, къыззгъэпэяІэхэм 64-рэ хъууэ зэтемыувэжмэ, ар гъуэгуанэм трагъэхьажьырыкІи.

Ди ГъэпэУ къыхэдгъэщынщ ветеринар комиссэм хэта Іэщ дохутырхэр ди щІыпІэм щыщ ІэщІагъэлІхэр зэрыарар, Никоз Иринэ я пашэу.

Зэхьэзэхуэм кърикІуахэмкІэ Бахъсэн къалэ округым и щІыпІэ администрацым и Іэтащхьэм и Кубокыр лъысащ езым и Къарэ хакІуэ фІыщІэм тесу километр 40 гъэУгуанэр япэу къыззынэкІа Мыд Аниуар. Республикэм и Іэтащхьэм и кубокыр лъысащ километр 80 гъэУгуанэм къыщызздэжахэм я деж бжьыпэр щызыубыда Уэрышкъуэ Заурбэчрэ абы и Волгарэ хакІуэмрэ.

Шыгъажэм етІуанэ, ещанэ увыпІэхэр къыщызыхьахэм ирагащ щыхь тхыльхэмрэ медалхэмрэ, ахъшэ саугъэт. ТекІуахэм ехъуэхъуа иужь, Мамхэгъ Хьэчим жиІащ етІанэгъэ щыщІэдзауэ мы зэхьэзэхуэм рейтинг мыхьэнэ зэрилэнур икІи шы зиІэхэм абы зыхуэгъэхьэзырыным иджы щІадзэну чэнджэщ яритащ.

Шыгъажэр къыззгъэпэщыным хэлъхьэнигъэшхуэ зэрыхуищІам нэмыщІ, мы Іуэхум хэтахэм Іэнэ къахуигъэуващ Абазэ Хьэдис.

БАЛЪКЪЫЗ Іэминэ.

ФІым фІыщІэ пылъщ

• Юбилей

Ищхьэрэ къуажэм. Махуэ гуэрым къуажэм щыщ нэхъыжьитІ - Жылэжьэж ТІытІурэ Къуажей Сулътіанрэ - си гъусэу дыкІуат Владимир деж, лъэІуКІэ зыхуэдгъэзэну. Абы щыгъуэм ар Налшык къалэм и автотранспорт Іуэхущіапіэм и унафэщІу лажьэрт. Ар гуапэу къытІущІащ икІи ди еджакІуэхэр къуажэм кьызэрыдэтшын автобус дызэрыхуэныкъуэр щыжетІэм, а Іуэхур тхуэзхигъэкІыну дыкъигъэгугъат. ЗэрыжиІам хуэдэ дыдэу, тхьэмахуищ фІэкІа нэхъ дэмыкІыу къуажэм автобус къытхуигъэкІуат, абы жылэр а зэманым зэрыщыгуфІыкІар къэІуэтэгъуейщ. Апхуэдэу цІыхум я гугъуехьэр зэхищІыкІыу, кьыгурыІуэу ар и Іэнатіэм пэрытащ. Си гуапэу сохъуэхъу и махуэ льэпІэмкІэ. Сыт щыгъуи нэжагужну, быным я гуфІэгъуэ куэд илъагъуну, я гуапагъэ зыхищІэу илъэсищэ кьи-гъэщІэну Тхьэм жиІэ!»

Зыгъэхьэзырар
БАГЪЭТЫР Луизэщ.

• Іуащхьэмахуэ щІыналъэ

Щымахуэм зыхуагъэхьэзыр

Іуащхьэмахуэ лъапэ и зыгъэпсэхупІэхэр щІымахуэ лъэхъэнэм хуагъэхьэзыр.

ПСОРИ щыгъуаззщ бгы-лыжэ спортым дихьэх куэдым «Іуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупІэр кІуапІэ зэрахуэхъуам. Абыхэм я зэманыр нэгузыужьу ягъэкІуэным тещыхьауэ мы щІыпІэр зыхуеину псомкІи кьызэрэпэщащ. Иджьпсту зыгъэпсэхупІэр сыткІи щІымахуэм хуагъэхьэзыр: къуршым туристхэр дзэзыш гъущІ кІапсэхэм я щытыкІэр къапщытэ, «Кругозор» станцым къыщыщІэдзауэ «Мир»-м нэсыху дэкІ лыжэ къэжьхьыпІэхэр ягъэкъабзэ. Псори зэхэту метр зэбгъуэнатІэ мини 5 зыхуей хуагъэзэнущ. Мы щыпІэм щагъэувыну топгъауэхэри щІэуэ къащэхуащ. Уэс Іэрыщ Іхэр зэрагъэхьэзыр техникэхэри яІэщ, уэсыр къащемэщІэкІым къызэрагъэсэбэпынум хуэхьэзыру.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

• Псапэ

СыткІи ядоІэпыкъу

ХЬЭТІОХЬУЩЫКЪУЕЙ къуажэм Куэтэншы ТІалэ и цІэр зэрихьэу щыІэ школ №93-м щыщ ныбжьыщІэхэр щыпІэм щыпсэу цІыхубзым мыІэрысэхэр къыхурахьэлІэжащ. Фызыжьым жыг хадэшхуэ иІэщ, арщхьэкІэ езым и закъуэ къарукІэ пхъэщхьэмыщхьэр къыхупычжырхъым. ЩІалэ, хъыджэбз жыджэрхэр абы сэбэп хуэхъуащ.

Школым и унафэщІым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и къуэдзэ Нэгъуей Заремэ зэрыжиІамкІэ, 6 - 11-нэ классхэм щеджэхэр зэпымыуэ макІуэ сабий интернатхэм я гъэсэнхэм я деж: зэрыджэгуну хьэпшып цІыкІуэхэр, тетрадхэр, къалэмхэр хуахь.

ЧЫЛАР Аринэ.

КъБР-м и япэ Президент КІуэкІуэ Валерий ягу къагъэкІыж

• Шыгъажэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ Президенту щыта, къарал лэжьакІуэ щІэрыІуэ, политик Іэзэ КІуэкІуэ Валерий къыщалъхуа махуэм хуэгъэпсэуэ Бахъсэн щекІуэкІащ КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Бахъсэн къалэ администрацым и унафэщІымрэ я кубокхэм щыщІэбэна «Джэдыкъуэ плъыжь-2018» зыфІаща шыгъажэ кІыхь.

ФИГУ къэдгъэкІыжынщи, цІыхум ящымыгъупщэ, пщІэшхуэ зыхуащІ КІуэкІуэ Валерий псэужамэ, 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 18-м и ныбжьыр илъэс 77-рэ хъуну арат.

Хабзэу зэтеува а Іуэхум и жэрдэмщІакІуэщ Бахъсэн къалэ администрацымрэ абы и Іэтащхьэ Мамхэгъ Хьэчимрэ.

Зэпеуэм хэтащ КъБР-м, гъунэгъу щІынальэхэм я шы заводкэм я лыкІуэхэр - Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим, Краснодар крайм кьикІахэр. Хьэщіэ лъапІэу щытащ Благовещенскэ къуажэм и Католическэ члисэм и дин лэжьакІуэ, Франджым щыщ шууейр. Джэдыкъуэ щІыпІэм щыззхуэсат Мамхэгъ Хьэчим зи пашэ къалэ администрацым и лэжьакІуэхэр, щІыпІэм щыпсэуэхэр, шы спортым дихьэхэр, шыгъажэм хэтынухэр тезыгъэгушхуэну хуейхэр.

Кьыззхуэсахэм зэпеуэм щІидзэн ипэкІэ захуигъэзащ Мамхэгъ Хьэчим. Абы мы Іуэхур кьыззэгъэпэщахэм щыщІэ яхуищІащ, гъуэгум техьэну шууейхэм ехъуІэныгъэ яІэну зэригуапэри жиІащ.

КъыкІэлъыкІуэу кьыззхуэсахэм фІэхъус псалъэкІэ захуигъэзащ КъБР-м Шы спортымкІэ и федерацым и президент Щоджэн Хьэчим. Абы жиІащ КІуэкІуэ Валерий республикэм зиужьыным кьыпхуэмылъытэн хуэдиз хьэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищІар. «Бахъсэн къалэм Іуэху куэд щокІуэкІ адыгэш лъапкъыр нэхъри цІэрыІуэ щІыным теухуауэ. Фэ фхуэфІэкІ къэвгъанэрэкым абы дуней псом хуэфащэ увыпІэ щиубыдын и лъэныкъуэкІэ», - кьыхигъэщащ Щоджэным.

Шыгъажэр кьыззрагъэпэщащ «Джэдыкъуэ» шы базэм и унафэщІ Абазэ МуІэедрэ КъБР-м Шы спортымкІэ и федерацэмрэ.

Зэпеуэм хэтхэм къапэщылъ километр 40, 80 гъэУгуанэ кьыззпачыну. Зэхьэзэхуэр зэрекІуэкІым кІэлъыплъащ Шы спортымкІэ федерацэм и вице-президент Амщокъуэ Хьэжысмелрэ зэхьэзэхуэхэм я кьыззгъэпэщакІуэ комитетым и тхьэмадэ, гъэззщІакІуэ унафэщІ Дау Резуанрэ.

Гъэзгум техьат шууей 50-м щІигъу. Абыхэм яхэтт уней шы зиІэхэр, мызэ-мытІэу зэхьэзэхуэ зэмылІэужьыгъуэхэм саугъэтхэр кьыщызыхьа шыхэр кьэгъэжэным хуэІэижьхэр, апхуэдэуи езыхэм я хакІуэхэм тесу гъэУгуанэ кІыхь шыгъажэм дихьэхэхэр. Зы кьэжэкІыгъуэ кьыззранэкІа иужькІэ шыхэм дакъикъэ 20 иратырт загъэпсэхуну, итІанэ абыхэм еплъыт Іэщ дохутырыр. Хабзэм икІи иткІэ, а зэманым хъриубыдэу шым и гур кьыззреуэр зы дакъикъэм 64-рэ хъууэ зэтемыувэжмэ, ар гъуэгуанэм трагъэхьажьырыкІи.

Ди ГъэпэУ къыхэдгъэщынщ ветеринар комиссэм хэта Іэщ дохутырхэр ди щІыпІэм щыщ ІэщІагъэлІхэр зэрыарар, Никоз Иринэ я пашэу.

Зэхьэзэхуэм кьрикІуахэмкІэ Бахъсэн къалэ округым и щІыпІэ администрацым и Іэтащхьэм и Кубокыр лъысащ езым и Къарэ хакІуэ фІыщІэм тесу километр 40 гъэУгуанэр япэу кьыззынэкІа Мыд Аниуар. Республикэм и Іэтащхьэм и кубокыр лъысащ километр 80 гъэУгуанэм кьыщызздэжахэм я деж бжьыпэр щызыубыда Уэрышкъуэ Заурбэчрэ абы и Волгарэ хакІуэмрэ.

Шыгъажэм етІуанэ, ещанэ увыпІэхэр кьыщызыхьахэм ирагащ щыхь тхыльхэмрэ медалхэмрэ, ахъшэ саугъэт. ТекІуахэм ехъуэхъуа иужь, Мамхэгъ Хьэчим жиІащ етІанэгъэ щыщІэдзауэ мы зэхьэзэхуэм рейтинг мыхьэнэ зэрилэнур икІи шы зиІэхэм абы зыхуэгъэхьэзырыным иджы щІадзэну чэнджэщ яритащ.

Шыгъажэр кьыззгъэпэщыным хэлъхьэнигъэшхуэ зэрыхуищІам нэмыщІ, мы Іуэхум хэтахэм Іэнэ къахуигъэуващ Абазэ Хьэдис.

БАЛЪКЪЫЗ Іэминэ.

• Хъыбарегъащіэ

Фестивалым фрагъэблагъэ

УФ-мрэ КъБР-мрэ Щэнхабзэмкіэ я министерствэхэм фрагъэблагъэ Симфоние музыкэмкіэ VII дунейпсо фестивалым, СССР-м и щіыхьэ артист Темыркъан Юрий и цІэр зезыхьэм.

ФЕСТИВАЛЫР **жэпуэгъуэм и 23-м** ирагъажьэ Верди Джузеппе и цІэр зэрихьэу Милан щыІэ, фортепианнэ квинтетым и концертымкІэ. **Жэпуэгъуэм и 29-м** екІуэкІынущ УФ-м щІыхь зиІэ и артист, Урысеим и Театр Иным и (Италие) уэрэджыІакІуэ Муравицкий Роман и концерт. ЩэкІуэгъуэм и 12-м феплъ уэрэджыІакІуэ ныбжьыщІэхэм я концерт. **ЩэкІуэгъуэм и 20-м** фрагъэблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием и симфоние оркестрым и концертым. **ЩэкІуэгъуэм и 27-м** фестивалыр зэхуащІыж Бертольд Фридеррэ (виолончель, Италие) Санти Маргаритэрэ (фортепианэ, Италие) я концерткІэ.

Пшыхьэм щыщІидзэнур **сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-рщ**. Ахэр Музыкэ театрырщ щекІуэкІынур.

• Темыркъан Юрий и илъэс

Матвиенкэ Валентинэрэ Темыркъан Юрийрэ. *2013 гъэ*

Пщэдей Налшык щагъэлъапIэ ВЛКСМ-р илъэсиI 100 зэрырикъур

● Обозревателым и псалъэ

НыбжьыщIэхэм я гъащIэм и гъуазэ

Граждан революцэр и гуащIэгъуэу екIуэкIыр 1918 гъэм жэпэгъуэм и 29 - щэкIуэгъуэм и 4-хэм рабочэ, мэкъумэшыщIэ щIалэгъуалэм я зэгухьэныгъэхэм я Япэ Урысейпсо съездыр. илъэсищэ зэрырикъуар иджы дгъэлъапIэр, щекIуэкIам щыгъуэ. Абы зэфIигъэуващ щIалэгъуалэм щыщ гупхэу гъащIэм нэхъ жыджэру хэтхэр икIи коммунист Iуэху еплъыкIэ унэтыныгъэ зиIэхэр. ЗэщIэхъеенныгъэщIэм псынщIэ дыдэу зиубгъащ. ЩIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ хуабжьу яфIэфIу хьыхьэр зэгухьэныгъэщIэм. Абы халъагъуэрт гъащIэм и гъуэгу тэмэм къаухъэзыгъэнэIуэфыну гъуазэ. Жэрдэмхэр щIыпIэ-щIыпIэхэм куэду къыщежьэрт. 1921 гъэм псом щагъэлъэпIащ лэжьыгъэм и Iыхьжьыб ныбжьыщIэхэр. Абыхэм я сурэтхэр ЩIыхьым и пхъбгъу пльыжьхэм иратхэрт. 1920 гъэм и жэпэгъуэм екIуэкIащ комсомолым (а зэманым иужькIэ ВЛКСМ хъуам апхуэдэдцIэ игъуэтакIэт) и III урысейпсо съездыр. Абы къыщыпсэлъащ Совет хъэралым и къызэгъэпэщакIуэ Ленин Владимир. «ЩIалэгъуалэм я зэгухьэныгъэхэм я къалэнхэр» фIэщыгъэр иIэу тхыдэм хьихьа а къэпсэлъэныгъэр зэгухьэныгъэщIэм лъабжьэ хуэхъуат.

ПЭЖЩ, япэщыкIэ ныбжьыщIэхэм я зэгухьэныгъэхэр зэмылIэужьыгъуэхэу икIи куэду щытащ, арщхьэкIэ мыгувэу комсомолыр РСФСР-м, иужькIэ СССР-м щIалэгъуалэм я политикэ унэтIакIуэ закъуэ щыхьащ. Къыпхуэмылъытэн хуэдизу инщ ВЛКСМ-м ныбжьыщIэхэр гъэсэн, ахэр гъащIэм и уэрапIэм хэшэн и псэнныкъуэкIэ зэфIигъэкIуэу щыта лэжьыгъэр. Ар нэхъри ирагъэфIекIуэн мурадкIэ, 1922 гъэм сабий политикэ зэгухьэныгъи къызэрагъэпэщащ: Ленин В. И. и цIэр зезыхьэ Урысейпсо, иужькIэ Союзпсо пионер организацэр.

Комсомолыр большевикхэм я партым къызэригъэпэщат езым зэфIигъэкI Iуэхуг IуэхуэщхуэхэмкIэ щIэгъэкъуэну иIэн мурадкIэ. 1918 гъэм жэпэгъуэм РКСМ-м цIыху 22100-рэ хэтащ. Комсомолым и III съездым ирихьэлIэу абыхэм я бжыгъэр мин 482-м нэсащ, комсомол мин 200-м нэс ящIэтащ хамэ хъэралхэм къикIа зэрыпхъуакIуэ-хэмрэ дзэ хужьым хэтхэмрэ.

Граждан зауэм иужькIэ комсомолым лэжьыгъэшхэу зэфIигъэкIащ цIыхубэ промышленностым, мэкъумэшым, щэнхабзэм зэгъэубгъуным теухуауэ. Мис щапхъэ зыбжанэ.

1930 гъэм комсомолым жэрдэм къыхилъхьащ щIагъуэу емыджэф икIи мыгъэ ныбжьыщIэхэм папщIэ ильэситI пщыхьэщхьэ щколхэр къызэIуахыну. НыбжьыщIэхэр щIэныгъэм лъэ быдзкIэ хьыхащ. 1928-1929 гъэхэм комсомол тхыльхэмкIэ рабфакхэм щIалэ, хъыджэбз мин 15, еджапIэ нэхъыщхьэхэм щыхуагъэхьэзыр курсхэм мин 20, езы вузхэмрэ техникумхэмрэ мин 30 щIагъэтIысхьащ. 1934 гъэм студент псоми я зэхуэдитIым нэсыр къызыхэкIар лэжьакIуэ унагъуэ къызэрыгуэкIэрт. Ар апхуэдэ щIыкIэкIэ ВКП(б)-м хыхьэнухэр щагъэхьэзэн Iэнатlэ. «Коммунист ущыхъуфынур, цIыхубэр зыщыгъуазэ щIэныгъэ псори зэбгъэгъуэтыфмэщ», - апхуэдэ псалъэхэмкIэ Ленин Владимир захуигъэзауэ щытащ РКСМ-м и III съездым и лIыкIуэхэм. Ар къыкIэльыкIуэ щIэблэ псоми гъуазэ яхуэхъуащ.

1941 гъэм комсомолым хэтхэм я бжыгъэр мелуанипщым щIигъуат. Абыхэм ящыщу мини 3,5-р Хэку зауэшхуэм и зэманым Совет Союзым и Пльхъужь хъуащ, мелуанищым щIигъуи орденхэмрэ медалхэмрэ къыхуагъэфэщащ.

1970 гъэхэм я пащIэдэхэм зэралым комсомол газет зэмылIужьыгъуэу 131-рэ къыщыдэкIырт. Абыхэм ящыщу, зэрыгурыIэгъуэщи, нэхъыщхьэр ныбжьыщIэхэм я мызакъуэу, псори дзэхьэхэ «Комсомольская правда» газетырт. «ЩIэблэщIэ гвардие» тхыльэ тедзапIэр дуней псом щыщIэрыIуэрт. Зауэм зэхихьуэта хъэралыр зэфIигъувэжыным, щыщIэр къэгъэIурыщIэным, БАМ-р ухуэным теухуауэ комсомолым зэфIигъэкIар къыпхуэмылъытэн хуэдизщ.

Пэжу, а псоми хуэфащэ щIыхьи ягъэтащ. Совет щIалэгъуалэм коммунист гъэсэныгъэ яхилъхьэн папщIэ Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм къыхэкIыу 1948 гъэмрэ 1956 гъэмрэ зэкIэлъыкIуэу Лениным и орденитI, 1968 гъэм Октябрь Революцэм и орденыр хуагъэфэщащ.

АрщхьэкIэ а зэгухьэныгъэ гъуэзэджэм и кIэухри къэблагъэу хуэжьащ Горбачёв Михаил 1985 гъэм гъатхэпэм КПСС-м и ЦК-м и Секретарь нэхъыщхьэу хаха нэужь. Къэхъуар псоми дощIэж: езы КПСС-му хуэдэу, ВЛКСМ-ри тхыдэм щыщ хъуащ. 1991 гъэм фокIадэм и 27 - 28-хэм ВЛКСМ-м и зи мычэзу XXII съездым комсомолыр зэрызэхуащIыжьыр щыжаIащ. Ауэ абы къигъэна лъэужьыр зэи хэгъэущэжынкъым.

ШАЛ Мухьэмэд.

★★★

Си гум сыт щыгъуи илъщ

ВЛКСМ-м 1937 гъэм и жэпэгъуэм сыхьыхат, Налшык педагогическэ училищэм сыщIэсу. Си гъащIэм щыщу къыкIэльыкIуа илъэс 17-м абы и лэжьыгъэм жыджэру сыхэтащ.

1945 ГЪЭМ жэпэгъуэм и кIэм, СССР-м и Дзэ-хьэуа къаруэм къупльыгъу щекIуэкIа нэужь, ВЛКСМ-м и Къэбэрдей обкомым и япэ секретарь Кабалоев Билар и жэрдэмкIэ, Армэм сыкърашыжри, комсомолым и обкомым мэкъумэшыщIэ щIалэгъуалэм я IуэхуэмкIэ и кIудамэм и унафэщIу сагъэуват. А зэманым обкомри, комсомолым и район комитетхэри, колхозэхэрэ совхозэхэрэ я комсомол зэгухьэныгъэхэри жыджэру елэжьырт кIуачэдзэ щIалэгъуалэм я гъэсэныгъэм, зэпымыкIуэу къызэрагъэпэщырт мэкъумэшэхэкIымрэ Iэщ IуэхуэныгъэхьэлIауэ зэфIэкIышхуэ абыхэм къызэрагъэлъэгъуэным теухуа зэхьэзэхуэхэр.

1946 гъэм шыщкъэуIуи и кIэм Кабалоевым си щIэныгъэм хэзыгъэхъуэну сигъэкIуащ ВЛКСМ-м и Комитет Нэхъыщхьэм епхауэ щыIа Комсомол школым. Ар 1948 гъэм ехьулIэныгъэ сиIэу къэзыхащ. ЕджапIэм гуманитар щIэныгъэ нэхъыщхьэхэм дыщыхуагъэджэрт Ломоносов М. В. и цIэр зезыхьэ Москва къэрал университетым и профессор пажэхэм. Къапщтэмэ, абдежщ франджызыбзэр щызджар, уеблэмэ абы хуиту сприсэлъэфу зыщыгъэгъэсар.

Москва сыкъэкIыжа нэужь, ВЛКСМ-м и Налшык къалэ комитетым и япэ секретару сыхахащ. Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ къалэм и комсомол зэгухьэныгъэ нэхъыщхьэхэм я секретархэмрэ зэрагъэсIыхьри, кууэ дыдэм щIэздзащ Ленин Владимиррэ большевикхэм я партымрэ зытрагъэщIэ Iуэхугъуэхэр я лъабжьэу щIалэгъуалэр хэкупсэу зэрыдгъэсэным. 1949 гъэм и гъатхэм Къэбэрдей обкомымрэ ВКП(б)-м и Налшык къалэ комитетымрэ я япэ секретару хаха Бабич Василий и щIагъэкъуэнкIэ, а илъэсым комсомолым хэтхэм Сабий стадиониу яухат, къыкIэльыкIуэу - Налшык щэнхабзэмрэ зыгъэпсэхупIэхэмкIэ и парким хуэзэу гуэли 3 IэрыщIу ирагъэхъуат. «Пионерское», «Комсомольское», «Трек» - арат абыхэм ящыщхэр. Къыхэзгъэщыну сыхуейт лэжьыгъэхэр екIуэкIыху щIалэгъуалэм, комсомол зэгухьэныгъэхэм я секретархэр я пашэу, гукъыдэж ин яхэлъу, совет уэрэдхэр ягъэзащIэу я Iуэхуэхэм зэрыхэтар. Гуэлхэр «ухуэным» и унафэщIу ягъэуват Гаевский Герман, ухуэныгъэм и политотделым и нэхъыщхьэр сэрат. Гуп дахэу, зэкъуэту дыззэрыпэжьам и фIыгъэкIэ, 1950 гъэм и гъэмахуэм ныбжьыщIэхэми балигъэхми Iэмал ягъуэтащ гуэлхэм зыщагъэпскIыну. Абы щыгъуэм комсомолым и къалэ комитетым и лэжьыгъэмкIэ дэIэпыкъуэгъушхуэ къыхэхуэхуауэ щытащ Хэку зауэшхуэм хэта Григорец Николайрэ къызэгъэпэщакIуэ кIудамэм и унафэщI Исмаилов Алийрэ.

1950 гъэм накъыгъэм и пэм ВЛКСМ-м и Комитет Нэхъыщхьэм сраджэри, къызэгъэпэщакIуэ кIудамэм и инструктору сагъэуващ, мазищ дэкIри, Таджик Республикэм и комсомол зэгухьэныгъэм и IуэхуэхэмкIэ жэуап зыхь къызэгъэпэщакIуэ сащIащ. Аргуэру мазищ дэкIри, Къзахъстанымрэ Азие Курытым и республикхэмрэ я комсомол зэгухьэныгъэхэм я секторым и унафэщI сыхъуащ. Пэжжэ жысIэнщи, ВЛКСМ-м и Комитет Нэхъыщхьэм и аппаратым сызэрыщIэлажьам куэд къызэгъэщIащ. АбыкIэ къызэдэIэпыкъуащ комсомолым, иужькIэ ВКП(б)-мрэ КПСС-мрэ я лэжьакIуэ цIэрыIуэу щытахэу Михайлов Николай, Шелепин Александр, Кочемасов Вячеслав, Семичастный Владимир сымэ, нэгъуэщIхэри. Ахэр щIэгъэкъуэн къыхэхъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэмрэ гъэзащIэмрэ зегъэужьыныкIэ гугъуехьэхэр дыщIэмэ.

Сэ нобэр къэзгъэсым сропаго ВЛКСМ-м и Комитет Нэхъыщхьэм и аппаратым и лэжьакIуэ 400-ми пщIэ къыхэхуащIу зэрыщытам. Къэхъуат абы и секретархэм си къулыкъум щхьэпрыкI пщэрилъхэри къыщыхсуагъэфащэ. Псалъэм папщIэ, ВЛКСМ-м и КПСС-м и секретариатым и унафэ сщIыну, ВКП (б)-м и ЦК-мрэ КПСС-мрэ я тхыгъэхэр зэгъэхъэзырыну е комсомол и лэжьыгъэм хэль гугъуехь зэхуэмыдэхэм теухуауэ Сталин Иосиф и цIэкIэ письмо стхыну, н.

Къыхэгъэщыпхъэу къыщIэкIынкI, лъэпкъ куэд щыпсэу я къралым и цIыху мелуан 30-м щIигъу комсомолым хэту зэрыщытам. Къэхъуат абы и секретархэм си къулыкъум щхьэпрыкI пщэрилъхэри къыщыхсуагъэфащэ. Псалъэм папщIэ, ВЛКСМ-м и XII Зэхуэсым и секретариатым и унафэ сщIыну, ВКП (б)-м и ЦК-мрэ КПСС-мрэ я тхыгъэхэр зэгъэхъэзырыну е комсомол и лэжьыгъэм хэль гугъуехь зэхуэмыдэхэм теухуауэ Сталин Иосиф и цIэкIэ письмо стхыну, н.

Къыхэгъэщыпхъэу къыщIэкIынкI, лъэпкъ куэд щыпсэу я къралым и цIыху мелуан 30-м щIигъу комсомолым хэту зэрыщытар. Ар 1991 гъэм щызэфIагъэкIыжам къэралми абы ис цIыхухэми хэщIыныгъэшхэу ягъуэтат. Пэжым фыхуеймэ, сэ а хъыбарыр си гум щIыхьэу щытащ. Ауэ комсомолыр сыт щыгъуи си гум илъащ икIи сыпсэухукIэ апхуэдэу щытынущ.

ЕФэНДЫ Джылахъстэн,
ВЛКСМ-м и Налшык къалэ комитетым и япэ секретарь (1948-1950 гъэ.), ВЛКСМ-м и Комитет Нэхъыщхьэм и къудамэм и унафэщI (1950-1954 гъэ.).

Апхуэдэу хъун хуейуэ къыщIэкIынти, Къэбэрдей-Балъкъэрым сэ япэу «гъущIышым» (трактором) «сыщIышэсащ».

АбЫ щыгъуэм илъэс пщыкIубгъу сыхьурт, комсомолым сыхьихьат. Абы къикIыр адыгэ хъыджэбзыр «къызыхуигъэщIауэ» жыхуаIэр къыззэзэкIынрати, тракторым сытетIысхьащ, итIанэ - комбайнэм, нэхъ иужьыжкIэ автомашинэм ситIысхьащ.

Къысщыхъуртэкъым сэ зы Iуэхушхуэ гуэр сщIэуэ. Ауэ, зы илъэс фIэкIа нэхъ дэмыкIыу, 1935 гъэм, Калинин Михаил Кремлым «ЩIыхьым и Дамыгъэ» орденыр къыщIэзыитат.

Псы куэд ежэхащ абы лъэндзэрэ. ИтIани, тIэкIуи фагъуэ хъуа а орденыр си дежкIэ нэхъ лъапIэ дыдэщ. Абы си гъащIэм щыщ Iыхьэ нэхъыщхьэ къысхуеIуагъэ. Хьэуэ, сысейм и закъуэкъым. АтIэ адыгэ бзылъхугъэ минхэми я Iэщ Iэмэ комсомолым увыпIэшхуэ щиубыдат. Колхозхэр къэуакъым, бзылъхугъэхэри жылагъуэ Iуэхуэхэм къыхэша хъуат, Хэкум папщIэ зы Iуэхушхуэм телэжьэным и мыхьэнэр зыхрагъащIу.

Комсомолым хэкупсэу, лэжьыгъэр фIыуэ слъагъуу сыкъинагъэхъащ, коммунисткэ сищIащ 1939 гъэм. Аращ Хэкум и дамыгъэ лъапIэм - Ленином и орденым - сыхуэзышIар.

ГъэнэхуэнкIэ куэд си нэгу щIэкIащ. Комсомол цIыхубзхэр сыт хуэдэу дригушхуэрэт ди къэралым и къулеигъэр гъэбэгъуэным ди къару зэрыхэтлъхьэфым.

СощIэж, Тэрч гидромелиоративнэ техникумыр зэгуэр къэтпщытэну дызэрыкIуар. Дерсыр ихуауэ, еджакIуэхэр пщIантIэм къызэрыщIихьыу дрихьэлIащ. Хьэлэмэтрати, дэтхэнэми дамыгъэитI-щIы, уеблэмэ плIы и бгъэгум хэлът: «Готов к труду и обороне», «Ворошиловский стрелок», «Готов к противохимической обороне», «Готов к санитарной обороне». Псори гурыIуэгъуэ хъуат занщIэу, къыщIэтпщытэн щыIэтэкъым.

Апхуэдэ дерсхэр лей хъуакъым. Тэрч щIыналъэм и цIыху минхэр Хэку зауэшхуэм лЫгъэ къыщагъэлъагъуэу хэтащ...

ЖЫГУН Фаризэт,
1934 гъэм къыщыщIэдзауэ ВЛКСМ-м хэта.

Дерсхэр лей хъуакъым

★★★

Тыгъэ лъапIэ

Комсомолыр къыззрагъэпэщу илъэс щэ ныкъуэ дэкIыжа нэужьи, Хэкум щекIуэкI псэукIэр зэрыригъэфIэкIуэным гукъыдэжышхуэ хуиIэу лажьэрт а зэгухьэныгъэр. Къэбэрдей-Балъкъэрми дахэу щагъэлъэпIащ ЩIалэгъуалэм я Союзпсо Ленин Коммунист Союзыр къызэрыунэхурэ илъэс 50 зэрырикъур.

А БЖЫГЪЭ дахэм нэсын ипэ, 1967 гъэм, щIыналъэ комсомол зэгухьэныгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и комсомолым хэтхэм - Хэкум и насыпым щIэбэнхэм - Налшык фэеплъ щыхуагъэувыну. Ар 1968 гъэм жэпэгъуэм и 29-м къызэIуахащ. А махуэм ирихьэлIэу пионерхэмрэ комсомолхэмрэ фэеплъхэр зыхуэй хуагъэззэжащ, БЛКСМ-м и тхыдэм епхэ щIыпIэ хэхахэм фэеплъхэр щагъэуващ.

Илъэс псом къыриубыдэу КЪБР-м щекIуэкIащ спорт зэхьэзэхуэхэр, дзэ Iуэхуэм екъэIа джэгу зэпеуэхэр. Совет Союзым и Лы-хьужьхэу Къанкъуэщ Ахьмэдхьанрэ Байсултанов Алимрэ я фэеплъ ягъэуващ. Колхозхэмрэ совхозхэмрэ хэт щIалэгъуалэм я япэ республикэ спорт зэпеуэхэр къызэрагъэпэщащ.

Iуэху къэзыщIыхьэу щытащ 115-нэ шууей дивизэр щызэуа щIыпIэхэм автомотозекIуэкIэ зэрынэсар. Республикэм и цIыхубэр зэкъуигъэувауэ щытащ зэныбжьэгъугъэм и нэщэнэу Тэрчыпсым къэухъу цIыкIуэмкIэ зэрытехьар. Абы хэтащ ди къуэш республикэхэм щыщ комсомолецхэри. Зи щIалэгъуэхэмрэ цIыху жыджэрэхэмрэ зэхуиишэат альпинистхэм я зекIуэми. Абы щыгъуэм Донгуз-Орун, Бечо, Чипер-Азау щхьэдэхьипIэхэм деж лЫхьужьхэм я фэеплъхэр щагъэувауэ щытащ. Кавказ къуршхэм щыдэкIуеям абы и зы Iуащхьэм фIащауэ щытащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и комсомолым и пик» цIэр.

Илъэс 50-р щагъэлъапIэм щIалэгъуалэ коммунист союзым хэту Хэкум папщIэ зи псэ зытахэм я фэеплъым и утыкум «Комсомольская» фIащауэ щытащ. Ар зытет уэрамым ВЛКСМ-м и илъэс 50 цIэр фIащат, абы иджы Шортэн Аскэрбий и цIэр зэрехь.

КЪАНШОКЪУЭ Лалу.

● ГукъэкIыжхэр

Котляровхэ Викторрэ Мариерэ.

ЩIалэгъуалэ зэгухьэныгъэм и тхыдэр зэрыттхар

1978 гъэм, комсомолыр илъэс 60 щрикъум, а зэманым ВЛКСМ-м и Налшык къалэ комитетым и япэ секретарыр Ковалёв Валерийти, и деж дыщIыхьэри, къалэм и щIалэгъуалэ организацэр зэрызэфIэувам теухуа тхылъ къыдэдгъэкIыну мурад дыззриIэр жетIащ, сэрэ инструктору лажьэ Мариерэ. Ковалёвым игу ирихьащ етхьэлIа гупсысэр, ауэ ар япэ игъэщIипхъэхэм ящыщу къызэрилъытэм къыхэкIкIэ, ВЛКСМ-м и обкомым хъыбар яригъэщIакъым, иужькIэ щыгуфIыкIмэ, нэхъ къищтэу. Дауи, парт органхэми Iуэхум хащIыкIыртэкъым, мис абы и фэбжьыр техуауэ щытащ тхылъ къыдэдгъэкIыным.

АБЫ дынэсыным иджыри куэд иIэт. 1978 гъэм и гъатхэмрэ гъэмахуэмрэ архивым дыщылэжьащ. Пэжыр жыпIэмэ, дэфтэру абы щIэлъыр куэд хуэртэкъым, нэмыщI-фашист зэрыпхъуакIуэхэм Налшык щаубыдам архивым и ныкъуэр ягъэсауэ щытати. Арати, комсомолым хэтахэм зэхуэдгъаззу щIэддзащ, абыхэми къыджаIэн я куэдти, яфIэфIу къыдэпсэлъат.

Тхыгъэхэр мазэ к1эс нэхъыбэ хъурт, псори зэхуэтхьэсыжа нэужь, лэжьыгъэ купщIафIэ, зыми емыщIэ зэрыхъуар тлъагъужащ. Сыту жыпIэмэ, дэ идеологие жыпхъэ гуэр драгъэувакъым, щенэр диIакъым икIи политикэ Iуэху хэмыту тхыдэм къыхэна лъагъуэхэр зэфIэдгъэувэжьну иужь дитауэ аращ. Тхылъым ихуат щIалэгъуалэ организацэр къызэзэIуэгъэр пэщащэри политикэ зэрыхьэзэрийм ихьахэри. Мис ар ди щыгъагъэт.

Тхылъыр щIэх дацыкIэ зэрыдгъэкIынум шэч къытедмыхьэу, ди лэжьыгъэр занщIэу. Полиграфкомбинатым тхьащ. Ковалёв псалъэри, ди Iэрыттхэр къащыпу щIадзащ. Тхылъым и Iуэхур ди нэIэ тету кIуатэрт, щыуагъэхэр къыхэдгъэкIыжри, Iэ теддзэжат, ауэ абы и пэ къихуэу ЛИТО-м хуит ищIын хуейт.

Мы аббревиатурэр иджыпсту зыми ицIыхуркъым, а лъэхъэнэм, абы и хуитныгъэ хэмыту зы тхылъи дунейм къытехьэнутэкъым. Идеологие гъэпапхъэр быдзу зыхъуиз зэгухьэныгъэт ари, «Юности горячие сердца» зыфIэтща тхылъым и гъэзугр къызэпиупщащ.

Комсомолым и къалэ комитетым и япэ секретарыр пэлъэщакъым абы. Апхуэдэ дыдэуи, партым и къалэ комитетым и япэ секретарь Шинкарёв Николай хэIэба щхьэкIэ, тхылъ къыдззыгъэкIын хуейр дзыхь зыхуащIхэрауэ зэрыщытыр къыгурагъэIуащ. Политикэ и лъэныкъуэкIэ жыжьаплIэу дыззрыщымытым къытхуихьат ар.

КIащIу жыпIэмэ, комсомолыр къызэрыунэрэ илъэс 60 щрикъум тедуха тхылъыр 1978 гъэм къытхудэгъэкIакъым, дэ дгъэхьэзырар зы экземпляр закъуэу къэнащ. Ильэсищ дэкIа нэужь, дунейм къытехьащ зи гугъу сщIы тхылъыр. Иджы псори Iуэхум къыхэтлъытат. Партым и обкомым и бюрор арэзы техъэри, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и планым хигъэхьащ, редакцэ комиссэри еджэжри, Iэ щIидзащ.

Мис апхуэдэу ежьа хъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и комсомолым теуха очеркхэр зэрыта тхылъыр, иужькIэ къыдэкIыгъуэ зыбжанэ къызыкIэльыкIуар. Ди тхылъыр а псоми лъабжьэ яхуэхъуауэ жыпIэ хъунущ. Япэ томыр «Къэбэрдей-Балъкъэрым и комсомолым и тхыдэм щыщ (1920 - 1945)» фIэщыгъэр иIэу къыдэкIащ. Абы ихуахэм щыщ пычыгъуэхэр фи пащхьэ итлъэну дыхуейт.

1920 гъэм мэлыхьыхьым и 23-м Налшык къыщыдзэрагъэпэщауэ щытащ ЩIалэгъуалэ лэжьакIуэхэм я союз, абы цIыху 75-м зыхрагъэхат; бадзэуэгъуэм и теддзэ гукъэкIыжхэр къэдгъуэтыжьын зэрыхуейри. КIэщIу жыпIэмэ, 1946-1965 гъэхэм екIуэкIаxэм теухуауэ тхыгъэ куэд зэхуэтхьэсащ икIи «На молодости - главные дела» тхылъыр 1988 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм экземпляр мини 3 хъууэ къыщыдэдгъэкIащ.

Ахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и комсомолым и тхыдэм и илъэс нэхъыфI дыдэхэрт, ар хъарзынэу тхылъым и кIэух псалъэм къыщигъэлъэгъуат ВЛКСМ-м и обкомым и япэ секретарь Ищенкэ Игорь. Мис абы щыщ пычыгъуэхэр: «Къэбэрдей-Балъкъэрым и комсомолым и саугъэтым и лауреат Котляровым Мариерэ Викторрэ «Юности горячие сердца» я тхылъым къыкIэльыкIуа лэжьыгъэщ иджы къыдэкIар. Япэрейм, 1920 - 1945 гъэхэм республикэм и комсомолым и тхыдэр къыщигъэлъэгъуажэу, щIалэгъуалэм я деж щIэупщIэшхуи щигъуэтауэ, партми комсомолми я ветеранхэр арэзы техъуауэ апхуэдэщ. Мы тхылъыщIэм ихуа тхыгъэ бейжэм къахощыж зауэ нэужь лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъащIэмрэ псэукIэмрэ щызэфIагъэувэжь зэманым щыналъэ комсомол организацэм хуэзфIэкIар.

Тхылъым и купщIэ нэхъыщхьэхэм ящыщу абы къыщыгъэлъэгъуа лIыхьужьхэр къэгурагъэIуащ. Ар зыщIэрыщIыр, абыхэм я нэхъыбэр иджыри зэрыпсэсэр. 80 гъэхэм къалъхуа щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ абы къыщагъэгъунущ я адэшхуэхэм, анэшхуэхэм, адэ-анэхэм я гукъэкIыжхэр. Ленин комсомолым и цIыху къызэрыгуэкIхэм абы щыгъуэм лIыхьужьу зыкъалъытэжыртэкъым, атIэ я гур къабзэу лэжьыгъэм пэрыту арат».

Ди Iэдакъэщ1экIхэм папщIэ дэ къытхуагъэфащащ Ленин комсомолым и республикэ саугъэтым и лауреат цIэ лъапIэр.

Ар жэрдэм ин диIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и комсомолым и тхыдэр и кIэм нэттхысыну икIи ар союзым и тхыдэм щIэныгъэ лъабжьэ хуэхъуфынут. Дэ а лъэхъэнэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэдгъэкIат «Строим страну - строим себя» (1984), «Сигнал вечности» (1986). Абыхэм ярытыр щызэпкрыхащ «Незримая связь» псалъэпэм. Ноби дыкъытекIынтэкъым а гупсысэхэм икIи ди фIэщ мэхъу, щIалэгъуалэ союзыр хъума хъуауэ щытамэ, иджырей зэхэтIыкIэм емыщIэ зэхуэщытыкIэ дуухуэфынут: пэжыгъэр, псоми я зэхуэдэIемалхэр, къару хъыпхэзэлъхьэ еплъыкIэхэр, хэкупсагъэр щытепщэу.

ДыхущIегъуэжу пIэрэ нобэ щIалэгъуалэм яфIэмыгъэщIагъэныкъ Iуэхум, библиотекэхэм фIэкIа щумылъагъу тхылъым апхуэдиз зэманрэ творческэ къарурэ зэрытедгъэкIуэдам. Хьэуэ, зэи дыхущIегъуэжакъым икIи дыхущIегъуэжынукъым. Ар дэ ди тхыдэт, ди зэмант, ди щIалэгъуэт, абы ухущIегъуэжмэ, уи щхьэ уепцIыкъуэ аращ.

КОТЛЯРОВХЭ Мариерэ Викторрэ.

★★★

Комсомолым и илъэс 60-р Налшык щагъэлъапIэ. *1978 гъэ*

● Ди псэлъэгъуэр

Бзур щыплъагъур уэгурщ, артистыр утыкурщ

Нобэ ди псэлъэгъущ КЪБР-м щІыхь зиІэ и артистэ, «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и солистэ Дзыхьмыщ Джульеттэ.

Къафэм и псэр макъамэрауэ къэзылъытри щыІэщ, ауэ нэхъыбэж елъытащ къэфакІуэм, абы макъамэр зэрызыхищІэм, и гупсысэм. Джульеттэ ящыщщ зи утыку итыкІэм уеплъкІэ зызыщумыгъэнщІхэм. Апхуэдэ зырызхэр арагъэнущ зи ІэщІагъэм къыхуигъэщІа жыхуаІэхэр.

- ИЛЪЭСИПЩІ сызэрыхъурэ къафэм сыхэтщ, - къыщІидзащ Джульеттэ, и Іэщіагъэр къызэрыхихам теухуауэ дыщеупщІым. - Си адэ Тхьэмокъуэ Мартин къызэригъэпэща «Къуршхэм я бынхэр» къэфакІуэ гупым щыщІэздзат. Сигу, си псэ хьихьэу, жэуаплынигъэр тІэунейуэ зыхэсщІэу, си зэфІэкІыр зэрезгъэфІэкІуэным яужь ситт. Курыт еджапІэр къэзухыу КъБКъУ-м сыщІэтІысхьа иужь, КъБР-м и цІыхубэ артист Думэн Мурадин и унафэщІу университетым щылажьэ ансамблым сыхьихьащ. ИужькІэ Атэбий Игорь «Кавказ» ансамблыр къызэрызэригъэпэщаР къыщыщІэм, абы сыхэтыкфын хуэдэу, заочнэу седжащ.

- Утыкум и Іэфыр зэ зыхэзыщІам ар хуэмыутІыпщыну жаІэ. ИлъэсипщІ ныбжьым уиту ягъу сценэм ущихьам зыхэпщІа гурыщІэмрэ иджы зыхэпщІэмрэ я гугъу уэзгъэщІынут.

- Пэжщ, утыкум узыщІешэ, абы кыуит къарур зэ зыхэпщІамэ, ирисымэджэн щыБодзэ. «Кабардинка» ансамблым 2000 гъэ лъандэрэ сыкъыщофэ. Псори зэхэту илъэс 25-м нблэгъауэ утыку ситщи, цІыхухэм я пащхьэ сыщихьэкІэ, сыт щыгъуи мащІэу согузаВэ.

- Уи Іэщіагъэр къызэрыхэпхам ущыхущІыгъуэжа къэхъуба?

- Къэхъуу къыщІэкІынт, си унагъуэр симыІамэ, абыхэм сакъыгурымыІуамэ, си Іуэхур къызданмыгъэпсынщІамэ. Ауэ къафэр сэ зэрысхуэхъуэжын щыІэкъым. ЩІыбагъ быдзу сиІахэм я фІыгъэкІэ унагъуэ сыщихьами, сабийхэр цІыкІуу щыщытами, зэи «гугъу сохъ» жысІакъым. Си адэанэм къыщынэмыщІа, сызыхьхьаэхэри творчествэм пыщІа цІыхуэ, абы и гъурри цІынэри ящІэри, аращ тыншу дыкъыщІыздзекІуэкІар.

- Университетым инджылызыбзэмкІэ и къудамэр къызэрыбухам сыщыгъуазэщ. ЩІэныгъэ нэхъыщхьэ зэбгъэгъуэтын щхьэкІэ ущІэтІысхьауэ арат абы?

- Курыт еджапІэм сызэрыщІэсри бзэхэр тыншу схуэзгъащІэрт. ИнджылызыбзэмкІэ дезыгъаджэм, а уиятІыныгъэмкІэ сыкІуэну къысхуэхъуапсэрти, зэрызыжиІыру ар къызжиІэрт. Сэри бзэхэр джыныр, абыхэм я щхэхуэр къэхутэныр сфІэфІ дыдэт. Уеблэмэ, къафэмрэ бзэхэмрэ къахэсхьынур сымыщІэу, тІури фІыуэ слъагъурт. Арати, сытегушхуэри, тІури зззгъэхъуІэну мурад сщІащ. СызэригугъэмкІи, къызэхъулІащ. Бзэхэр зэрысщІэр иужькІэ Іэджэрэ къыхсхуэсэбэлъжащ.

- «Кабардинка»-р дэнэ щыпІи фІыуэ къыщалъагъу икІи ирагъблагъэ. Фызэдэщыіа щыпІэхэм ящыщу уигу нэхъ къинэжахэм я гугъу къытхуэщІыт.

- Къапщтэмэ, гуапэу къыптпемыжьарэ, дыщамыІэта къэралрэ щыІэхьэм, абы ди лъэпкъэгъу щыпсэуми щымыпсэуми. Кьафэр - бзэкъым, зэхэщІыкІыщ зыхуейр. Сэ ар хамэ щІыпІэхэм кудрэ хьэкъ щыс щыхъуащ. Ди щэнхабзэм пІэщІэхэми я нэпсыр щІалъэщІыкІыу ди концертхэм мащІэрэ щысльэгъуакъым. Нэхъыбэрэ дызэдгъэблагъэр ди лъэпкъэгъуэр куэду щыпсэу Тыркуращ. Итаليем мазэкІэ дыщыІэу дыкъэкІуэжа къудейуэ, къыдэлъэІуу етІуанэу щытедгъэзэжаи къытхуихуащ. Мыбдеж къыхэгъэщын хуейщ а къэралым ди диаспорэ зэрыщымыІэр. Ауэ щыхъуэкІи, щыхьыщыдгъэлъагъуэ пэшым тІысыпІэ нэщІ имыІэу цІыхуэхэр къеІуІэрт.

- Фи ансамблым игъэзащІэ къафэхэм ящыщу дапщэм ухэт? Уи псэм нэхъ щІыбагъ къэдгъэщІамэ арат.

- Ансамблым игъэзащІэ къафэр псоми сыхэтщ, ауэ сэ нэхъ куууэ зыхэсщІэр «Къафэжьырщ». Япрауэ, ар бгъэзэщІэнуи нэхъ гугъущ, нэхъ купщІэшхуи езым иІэу къызолъытэ. Абы и макъамэр къеуэн зэрыщІидзэу, къару гуэрым сызэщІеубыдэри, иухьху сиІыгъщ. Ар псалъэкІэ къыпхуІуэтэнри фІэщущІыгъуейщ, зыхэпщІэн хуейуэ аращ. Сэ сызэреплъыкІэ, къафэ къэскІэ апхуэдэу къыпІкърымыхьэмэ, ар къэхуІэнкъуэм. Уи плъэкІэ, зыІыгъыкІэ, гум илъ нэгъунэ мыхьэнэ щаІэщ абы. Сэ къызэрысщІыхьумкІэ, ар зыхимыщІэу зыри ди ансамблым хэткъым.

- Уи дежкІэ къафэм сыт хуэдэ мыхьэнэ иІэр?

- Си гъащІэм и Іыхьэ нэхъыбэм кьафэм сыхэтщи, схужьІэнущ кьафэр си гъащІэу. Хуабжьу сыщогуфІыкІ ди щІалэгъуалэм кьафэ фІыуэ зыІьлаГу куэд зэрахэтым. ХьэгъуэлІыгГъуэ укІуамэ, утыкум итхэр ансамблым хэт фІэкІа умыщІэну, дахэу ящофэ.

- Лъэпкъыр дуней псом къезыгъэщІыхуа «Кабардинка» ансамблым хэтхэм сыт хуэдэ хьэл-щэн яхэлъын хуейуэ къэплъытэрэ?

- «КъапІэ нэхъра - къиплъ», - жеІэ псалъэжьым. КъэфакІуэхэм я мызакъуэу, дэтхэнэ зы цІыхуми хэлъыпхъэ хьэл-щэн дахэращ нэхъыщхьэр. Хабзэм къигъэувыр ди мардэщ. Дэнэ ущымыІэми узыкІэлъыплъыжьыпхъэщ, иужькІэ ущІэуІыІытэжын Іэху къэбгъэхъу хьунукъым.

- Сыт хуэдэ псалъэкІэ «Кабардинка»-р къыдбгъэщІыхунт.

- Хуабжьу сыщогуфІыкІ ди щІалэгъуалэм сыщІэзгъэщІыжынт. Сэ си гупым хэтхэр абыкІэ згъэунэхуащи, аращ фІыуэ щІэсльагъур. Зы унагъуэм хуэдэщ ди гупыр жысІэмэ, сыщыІэнукъым.

- Къафэм хэтхэм нэхъ пасэу пенсэ зэрыхуагъэувым дыщыгъуаззщ. Зыбгъэпсэхуну утІысхьмэ, Іуэху гуэр пщІэну тебухуа?

- Сэ къафэм сыхэтыху си хьыджэбз нэхъыжькІитІыр кьыдэкІуэтелщ, абыхэм дахэдахэу сабгъэдэсыну Іэмал симыІэурэ. Иджы пенсэм сытІысыжмэ, си мурадщ си унагъуэм, си бынхэм я деж а щыхуэр щІызытезгъэкІыжыну. Си хьыджэбз нэхъыжьым университетыр кІыуэхуэ Москва кІэалэ щылажьэ «Адыгэ» ансамблым сабийхэр кьафэм щыхуеГаасэ. ЕтІуанэр 11-нэ класс хуъащ, щІалэ нэхъыщІэр ильэситхурэ ныкъуэм нэсауэ аращ. Тхьэм жиІэмэ, сщІэн згъэутынущ.

- Щыху насыпыфІэу зыкъэплъытэкІрэ?

- СынасыпыфІэщ. Си унагъуэрщ си насыпым и япэ Іыхьэр, си адэ-анэр схуэузынщІэу къыщсыхьащІущ. Адрей псори гъащІэм щызэбгъэхъулІэфынущ, гугъу зебгъэхьмэ.

Епсэлъар **ЩОМАХУЭ Залинэщ.**

● Щикъуэхьащ адыгэр дунеижьым

Псэм къигъэщІа сурэтхэр

Гъэлъэгъуэныгъэр къызэІуех Хьэфыщ1э Мухьэмэд. Абы къыбгъэдэтщ Хъуажь Фахъ1ирэ Бзаджэ Эргунрэ.

Къыхэгъэщыпхъэщ Бзаджэ Эргун уэсэ, прозэ тхыныи зэрыдихьэхыр. Ахэр къыт-радзащ Тыркум къыщыщдэкІ журнал зэмылІэужьыгъуэхэм, ауэ ар нэхъыбэу къызэрацІыхур и сурэтхэмкІэщ. Мызэ-мытІэу абы и лэжьыгъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэхэр къыхуэзэрагъэпэщащ. Адэжь щІынальэм ди лъэпкъэгъуэр ящІ иджыщ къыщихьар.

Гъэлъэгъуэныгъэр къызэІуихащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Хьэбзэрдий Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хьэфыщ1э Мухьэмэд**. Къызэхуэсахэм Эргун яригъэщІыхуа иужь, абы жиІащ и сурэтхэм гурыщІэ куэд зэуэ къызэрызэщІагъэуІэр, лъэпкъым и узыр щІалэщІэм къыгъэльэгъуэфащ къызэрыгъэпэщащ. Ахэр къыт-радзащ Тыркум къыщыщдэкІ журнал зэмылІэужьыгъуэхэм, ауэ ар нэхъыбэу къызэрацІыхур и сурэтхэмкІэщ. Мызэ-мытІэу абы и лэжьыгъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэхэр къыхуэзэрагъэпэщащ. Адэжь щІынальэм ди лъэпкъэгъуэр щІэлэщІэр сэ зэи сщыгъупщжьыну си фІэщ къуркъым. Пэжщ, дяпэкІэщ сурэт щІыным ар хуэІэзэ щыхьэнур, ауэ абы зыкІи нэхъ лъэхъшэ ищІыркъым ди пащхьэ ит сурэтхэр. Мы лэжьыгъэхэм щынэІурытщ ахэр псэкІэ зэрэтхар. Псэр зыхуеІэм Іэр лъоІэс, Тхьэм хуущІигъэхъэ, - жиІащ ЦІыхубэ творчествэмкІэ щэнхабзэ методикэ центрым и унафэщІ, сурэтыщІ Іэзэ **Жылэ Анатолэ** къыщыпсалъэм.

Бзаджэ Эргун и Іэдакъэщ1экІ сурэтхэм я гъэлъэгъуэныгъэ ди щІынальэм къыщыІэзэригъэпэщыну жэрдэм зыщІа, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэ, ДАХ-м и вице-президент **Щ1ощ1эн Іэминат** къыщыпсалъэм жиІащ хэкум къэкІуэну зи нэ кьикІ щІалэм и лэжьыгъэхэр иІъэгъуэ иужь дэІэпыкъуну зэрытегушхуар. А Іуэхур къызэгъэпэщыныкІэ КъАХ-мрэ ДАХ-мрэ щІэгъэкъуэныщхьэ къызэрыхуэхъуари къыхигъэщащ.

- Си анэшыр кьбзэрдейщ. Куэд щІауэ сыщІэхъуэпсырт хэкум и хьэуакІэ сыбзуэну, и щІы кІапэ сытеувэну - иджы къызэхъулІащ. А Іуэхур къыздэзыгъэпсынщІа Щ1оджэн Іэминат фІыщІэ хуэзощІ. ИджыкІэ сэ схужьІэнущ шыпхъуитІ сызэриІэр. Зыр Истамбыл дэсщ, адрейр Къбзэрдейм исщ! Си сурэтхэр щысщыІем си нэгу щІэтар адэщхьэ-анэщхуэхэм хэкум теухуауэ къызжаІэжа хъыбархэрщ, ахэращ лъабжьэ яхуэсщІари. Хэхэсхэм къыдэзыгъу, дигу щІэнькъуэр абыхэм къыщыщІэгъэпсэгъуэну яужь ситащ. Хэкум сыщыІа иужькІэ ссщІыну сурэтхэм нэщхьыфІагъ къатещыну фы-къызогъэгугъэ, - жиІащ Эргун зэІущІэм и кІэухым.

ИНЭРОКЪУЭ Дисэ.
Сурэтхэр
Іэбыдэ Динэ *трихащ.*

● Регби

Фэеплъ зэпеуэ

РегбимкІэ IV республикэпсо турнирыр зэхэтащ.

РЕГБИМ щІыхь зиІэ и ветеран Суэнов Михаил и фэеплъу илъэс къэс ирагъэкІуэкІ мы зэхьэзэхуэхэм кърихьэлІат илъэси 10 - 15 иркъуа спортсмен ныбжьыщІэхэр. Я ныбжь тещІыхьауэ гупитІу гуэшауэ екІуэкІа зэІущІэхэм регбисту 70-м я зэфІэкІ щагъэлъэгъуащ.

Нэхъыжьхэм я деж пашэныгъэр къыщІихащ сабийныбжьыщІэ спорт школ №24-м и командэ къызэхам. ЕтІуанэ увыпІэр гимназиеинтернат №91-мрэ курыт школ №19-мрэ зэдагъэшащ. Ещанэ хъуащ курыт еджапІэ №99-м и гъэсэнхэр. Регбист нэхъыщІэхэм я гупым СШ №9-м и командэм бжьыпэр щиубыдащ. ЕтІуанэ увыпІэр яІэрыхьащ курыт школ №18-мрэ №28-мрэ.

Турнирым фІыкІэ зыкъыщызыгъэлъэгъуэхэм кубокхэр, медалхэр, щІыхь тхылъэр ираташ. Суанов Михаил и Іыхьлыхэми зэхьэзэхуэм хэтахэм саугъэтхэмкІэ я щІэ ирагъуащ.

ХЬЭХЪУПащІЭ Хьэзиз.

«Динамо-Ставрополь» (Ставрополь) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 3:1 (1:1). Ставрополь. «Факел» стадион. Жэпуэгъуэм и 21-м. Щ1ыхуи 1000 еплъащ.

Судьяхэр: Дорошенкэ (Краснодар), Шустров (Крымск), Кошко (Белореченск).

«Динамо-Ставрополь»: Волкотруб, Погожев, Чернышов И., Гагиты, Тодуа, Шебанов, Зюзин (Абдокъуэ А., 85), Есин, Абдокъуэ Н. (Колесников, 30), Магомедов В. (Даниелян, 90+1), КІурашын (Сиденкэ, 77).

«Спартак-Налшык»: Уэрсей, Асльэныкъуэ, Ольмезов, Бесолов, КІэдыкІуей, Салахетдинов (Бацз, 60), Дзхъу (Іэпщащэ, 60, Михайлов, 87), Бажэ, Мэшыкъуэ Хь. (Ашуев, 72), Машэжь, Мэшыкъуэ И.

Топхэр дагъэкІащ: Мэшыкъуэ И., 13 (0:1). КІурашынымрэ, 42 (пенальтикІэ) (1:1). Зюзиным, 78 (2:1). Чернышовым, 82 (пенальтикІэ) (3:1).

Дагъуэ къыхуащІащ: Асльэныкъуэм, Магомедов В., Зюзиным.

ТХЬЭМАХУЭ махуэм «Спартак-Налшыкыр» Ставрополь щыІуІащ1ащ щыпІэ «Динамо-Ставрополь»-м. Турнир таблицэм и иужьрей увыпІэм щыт хэгъэрейхэм ди щІалэхэр заншІэу ебгъэрыкІуэн щІадзащ. Ящ дакъикъэхэм щегъэжьауи, ставрополдзэхэм я гъуащхьэтеетым и гупыр щытыкІэ гугъуэхэм зыбжанэрэ кьришащ.

13-нэ дакъикъэр екІуэкІыу зэрыгугпу хэгъэрейхэм ебгъэрыкІуа ди щІалэхэм бжьыгъэр къызэІуахащ. Штрафнойм щихьэм топыр къызыІэрыхьа Мэшыкъуэ Ислъам лъэщу зэуа топым «Динамо-Ставрополь»-м и гъуащхьэтет Волкотруб къыхуеГэгъэзакъым - 0:1.

Налшыкдэсхэр ящ зэрищам нэхъ жьыджэрыжь къищІащ. Хэгъэрейхэм контратакэ закъуэтІакъуэ мыхъумэ ебгъэрыкІуныгъэ тэмэм къахуэзгъэпэщыртэкъым.

ЗэпэщІэтыныгъэр нэхъ кІащхъэ зэрыхъуам налшыкдэсхэр игъэбэлэрыгъащ. Ящ Іыхьэр и кІэм нэблэгъауэ джэгуПІэ губгъуэм и кум иту топыр къызэІэрыхьа Шебановыр ди щІалищым яІащІэкІри, гъуэм екІуэлІащ. Ар къигъэувыІэн мурад иІэу къыпэува Орсаевым хабзэр къызэпиудын хуей хъуащ - пенальти. Хэгъэрейхэм къахуэхъуакІэ Іэмалыр пщІэнщэу згъэкІуэдакъым икІи КІурашын Азэмэт бжьыгъэр 1:1-м хуигъэкІуащ. Къыхэдгъэщынщи, ар адыгэ щІалэм мы гъэм дигъэкІа етхуанэ топщ.

ЗэІущІэм и япэ Іыхьэм щыщу къэнэжа дакъикъэ зыбжанэм командэхэм жьджэрагъэшхуэ къамыгъэльагъэуэу иухащ.

АдэкІэ къыкІэытпІэ зимыІэ хэгъэрейхэм я джэгуІкІэм зихъэжащ етІуанэ Іыхьэм и пащІэдзэм. Бжьыгъэр зэхуэдэ зэращІыжам абыхэм къаруущІэ къахилъхьа хуэдэт икІи щІэхщІэхыуэр ебгъэрыкІуэрт. Налшыкдэсхэр хэпщІыкІыу нэхъ хуэм хъуат - «Динамо-Ставрополь»-м и ебгъэрыкІуэныгъэхэр къызэтрагъэувыІэ мыхъумэ, езыхэм къызэрагъэпэщ щІагъуэ щыІэтэкъым.

ИкІэм-икІэжьым, ставрополдзэхэм я ерыщагъым ехъулІэныгъэ къахуихащ. 78-нэ дакъикъэр екІуэкІыу Орсаевым и пащхьэм къихута Зюзиным топыр ди гъуащхьэтетым Іэзэу щхьэпридзащ - 2:1.

ЗэІущІэр иухыным дакъикъэ зыбжанэ фІэкІа кьзмынэжауэ, япэ ища хэгъэрейхэм бжьыгъэр зэращІыгъэ быдащ, контратакэкІэ налшыкдэсхэм къебгъэрыкІуэн мурад иІэу. МыдэкІэ, нэгъуэщІ мыхъуми, бжьыгъэр зэхуэдэ ящІыну гугъэ зиІэ «Спартак-Налшыкыр» (Астрахань) - **3:4**, **СКА** (Дон Іус Ростов) - **«Биолог-Новокубанск»** (Прогресс) - **0:0**, **«Легион-Динамо»** (Мэхъэчкъалэ) - **«Краснодар-3»** (Краснодар) - **2:0**.

ЕтІуанэ дивизионым и «Ипщ» гупым къыкІэлъыкІуэ джэгуГъуэр зэпэгъуэм и 27-м щызэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкым» кьригъэблагъэнущ Псыхуабэ кьалэм и «Мэшыкъуэ-КМВ»-р.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Урысыем Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	«Урожай»	12	10	2	0	21-7	32
2.	«Чайка»	14	8	4	0	27-10	28
3.	«Волгарь»	12	7	3	2	21-10	24
4.	«Черноморец»	12	6	3	3	25-11	21
5.	«Дружба»	12	7	0	5	15-15	21
6.	«Биолог-Новокубанск»	12	6	1	5	16-12	19
7.	«Спартак-Налшык»	12	5	3	4	21-20	18
8.	«Легион-Динамо»	12	4	4	4	16-14	16
9.	«Мэшыкъуэ-КМВ»	12	4	4	4	12-13	16
10.	СКА	13	2	6	5	8-14	12
11.	«Спартак-Владикавказ»	12	3	3	6	15-19	12
12.	«Ангушт»	12	1	7	4	6-9	10
13.	«Краснодар-3»	12	2	3	7	14-27	9
14.	«Академия»	13	1	3	9	9-26	6
15.	«Динамо-Ставрополь»	12	1	2	9	12-30	5

● Ди щІалэхэр мэбэлэрыгъ

● Футбол

Иджыблагъэ Сочэ къалэм щекІуэкІащ «Гран-при Россия. Формула-1» дунейпсо зэхьэзэхуэм и VI Іыхьэр. Абы хэта. КЪБР-м Автомобиль, мотоцикл спортымкІэ и федерацэм и лІыкІуэхэм я пресс-конференцэ щІэтащ. КІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым СпортымкІэ и министерствэм и унэм.

ЩІАЛЭХЭР къыщхъуэсахэм ядэгуэшащ зэхьэзэхуэр къаззэрыщыхъуамкІэ. ЗэІущІэр иригъэкІуэкІащ республикэм спортымкІэ и министрым и къудзэ Анаев Аслъэн.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, къыздэжэр Сочэ къалэм щызэхэтащ фокІадэм и 29 - 30-хэм. КЪБР-м щыщ судьяхэмрэ маршалхэмрэ шыщхьэуІум абы ирагъэблагъащ икІи 10-м щыщу тІур кІэлъыплъыпІэхэм я нэхъыжьу лэжьащ, тІур техническэ комиссэм - хэтащ, щІалихьр кІэлъыплъыпІэхэм маршалу щылэжьащ. Нэгъабзщ япэу ди щІалэхэр «Формула-1»-м щыщылэрт. Абы щыгъуэм ди республикэм - къыбгъэдэкІыу яхэтар щыхуи 3 къудейщ. Мы махуэхэм маршал гупыр щылэжьэну макІуэ Грознэ къалэм щекІуэкІыну, къызэдэжмкІэ Урысыем и чемпионатым и финалым.

НобэкІэ республикэм и Іэнатіэмкіэ судья 30 иІэм. Ар ягъуэ я псэкІэ автоспортым епха, абы и зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІ щІалэхэщ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Формула-1

Автомобиль спортым и лъэбакъуэщІэ

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и апэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Хьаншокъуэ Элэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маринэ, НэщІэныджэ Замирэ, Къумахуэ Аслъэн, ЩІхьэщэмыщІ Изэ.**



Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленициным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; узышыгъэр хъумэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епГыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщэ дэтІыц КЪБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыдэгъаз м и 19-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КЪБР, Налшык къалэ, Ленициным и уэрам, 33

КЪБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэр КЪБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, лэжьыгъэм и ветеран, «Гъэзэджэмкіэ Ткаченкэ А.Л. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр музей» къэрал щэнхабзэ кІэзонэ Іуэхущ1апІэм экспозицІэхэмрэ гъэлъэгъуэныгъэхэмкІэ и ядэлэжьэну и унафэщІ **Леонтьевэ Нинэ Григорий и пхъум** хуогузавэ абы и анэ **Маштепэ Антонинэ Александр и пхъур** зэрыІуам къыхэкІыу.

Мы къэдгъэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щ1ощ1эн Динэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щ1ощ1эн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэлэныкъуэгъу* **Нэужькокъуэ Заирэ.** *Компьютерк1э газетым и тепльэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Щ1омахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзаР сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 2.108 ● Заказ №1060